

Depatman Sèvis Manje

Gid pou paran



Distri Lekòl Konte Monroe

2024-2025

Gid sa a gen enfòmasyon federal ki obligatwa pou yo disponib chak ane pou chak fwaye.

Gid sa a tradui nan lang Panyòl ak Kreyòl.


Enfòmasyon Itil:

Pou jwenn aksè:

- **Aplikasyon Gratis epi ak pri redui** ale sou sitweb:

<https://frapps.horizonsolana.com/MONC02>

oswa avèk kamera telefòn ou an, eskane kòd QR la anba a:



Aplikasyon an disponib nan **PLIZYÈ** lang.

- **Meni** ale sou sitwèb:

<https://www.keysschools.com/Page/4509>

oswa avèk kamera telefòn ou an eskane kòd QR la anba a:



epi chwazi Meni pou Ane lekòl 2024-2025.

- **MyPamentsPlus** ale sou sitwèb:

<https://mypaymentsplus.com/welcome>

oswa avèk kamera telefòn ou an eskane kòd QR la anba a:



Rejim alimantè espesyal

Pou akomode elèv ki gen rejim alimantè espesyal akòz bezwen medikal yo, yo dwe konplete yon Fòm Bezwen Dyetetik Espesyal epi fè yon pwofesyonèl medikal ki gen lisans siyen li.



Ou ka jwenn fòm nan men enfimye lekòl elèv ou a epi yo ka ede ou soumèt li bay Depatman Sèvis Manje a.

Kiyès Nou Ye

Depatman Sèvis Manje Nan Monroe ofri elèv yo opòtinite pou yo chwazi manje nourisan chak jou pou manje maten ak manje midi.

Pwogram manje midi nou an ofri yon varyete antre repa cho ak frèt, ansanm ak fwi fre ak legim. Manje midi gen ladan yon antre ki gen yon tikal pwoteyin, ak sereyal antye, de (2) pòsyon fwi, de(2) pòsyon legim, ji 100%, ak 1% chokola blan oswa lèt chokola.

Pwogram manje maten nou an gen ladan antre ak sereyal antye ak / oswa ki gen tikal pwoteyin, fwi, ji 100%, ak chokola blan oswa lèt chokola.

USDA mande distri lekòl yo satisfè kondisyon sa yo:

- Kalori ki soti nan grès total la p ap depase 30%
- Kalori ki soti nan grès satire p ap depase 10%
- Pwodui yo p ap gen grès
- Ofri diferan kalite legim ak fwi.
- Ofri yon varyete lèt ki pa gen anpil grès epi ki pa gen grès
- 51% nan tout sereyal yo ofri yo se sereyal antye ki rich
- Aplike rediksyon sodyòm

Pri Repa Eskolè yo

Pri Konplè		
Klas	Manje Maten	Manje Midi
PK - 5	\$2.00	\$2.75
6 - 12	\$2.00	\$3.10
Rediksyon Pri		
PK - 12	\$0.30	\$0.40

Dezyèm repa pou elèv yo ak repa granmoun yo se \$2.50 pou manje maten ak \$4.00 pou manje midi.

Aplike pou avantaj Manje (Manje gratis oswa ak pri redui)

Yon aplikasyon pou chak fanmi obligatwa **CHAK ANE.**

(Yon aplikasyon fanmi **DWE** gen ladan tout elèv ki nan kay la)

Si ou te kalifye pou SNAP, TANF oswa MEDICAID yon aplikasyon **KA PA** nesesè. Si ou pa sèten, tanpri tcheke avèk Kowòdonatè Elijibilite Elèv la 305-293-1400 ekstansyon 53356.

Pou wè si ou kalifye pou avantaj repa, ranpli aplikasyon anliy ou te jwenn sou sitwèb nou an:

<https://frapps.horizonsolana.com/MONC02>

Pou jwenn aksè nan aplikasyon an sou telefòn entèlijan ou a, ak kamera telefòn ou an eskane kòd QR la, ou ka jwenn li sou premye paj la nan bilten sa a.

Pitit ou an Manje maten ak manje midi

Pou manje maten ak manje midi, elèv yo gen opòtinite pou yo kreye yon repa ki baze sou yon varyete gwoup manje. Gwoup manje yo gen ladan yo:

Pou Manje Maten:



Pou Manje Midi:



Pou manje maten, elèv yo ka chwazi yon minimòm twa(3) oswa tout kat(4) gwoup manje ki anwo yo pou konplete manje yo. Omwen youn nan seleksyon yo dwe soti nan gwoup fwi oswa legim.

Pou manje manje midi, elèv yo ka chwazi yon minimòm twa(3) oswa tout senk(5) gwoup manje ki anwo yo pou konplete manje yo. Omwen youn nan seleksyon yo dwe soti nan gwoup fwi oswa legim.



Korespondans pou Fanmi an

Chè Paran/Responsab Legal:

Timoun yo bezwen manje ki sen pou yo ka aprann. Distri Lekòl Konte **Monroe (Monroe County School District)** bay manje ki sen chak jou lekòl. Manje Maten klas PK-5 koute **\$2.00**; Manje Midi koute **\$2.75**. Manje Maten klas 6-12 koute **\$2.00**; Manje Midi koute **\$3.10**. Pitit ou kapab kalifye pou manje gratis oswa pou manje ak pri redui. Pri redui a se **\$.30** pou manje maten epi **\$.40** pou manje midi. Anba a gen kèk kesyon yo poze souvan ak repons pou ede nan pwosesis pou detèmine kalifikasyon pitit ou a.

1. **ÈSKE MWEN BEZWEN RANPLI YON APLIKASYON POU CHAK TIMOUN?** Non. Sèvi ak Aplikasyon pou Manje Lekòl Gratis ak Pri Redui pou tout elèv lakay ou. Nou pa kapab apwouve yon aplikasyon ki pa konplè, kidonk asire w ke w ranpli tout enfòmasyon ki nesèsè yo epi mete tout elèv yo kèlkeswa lekòl yo ale a.
2. **ÈSKE MWEN KA RANPLI YON APLIKASYON ANLIY?** Wi! Aplike anliy rapid, konfidansyèl, epi fasil! Yo **P AP** voye papyè aplikasyon bay fanmi an. Nou ankouraje w ranpli yon aplikasyon anliy. Pou aplike anliy, ale sou, <https://frapps.horizonsolana.com/MONC02> oswa eskane kòd QR yo bay nan kòmansman livrè a avèk telefòn entèlijan ou an epi klike sou "Begin Application". Kontakte **Kowòdonatè Elijibilite Elèv yo nan 305-293-1400 ekstansyon 53356** si ou gen nenpòt kesyon konsènan pwosesis aplikasyon anliy lan.
3. **E SI M PA GEN YON ÒDINATÈ POU MWEN RANPLI APLIKASYON ANLIY LAN?** Aplikasyon an kapab ranpli byen fasil sou yon telefòn entèlijan. Òdinatè yo disponib pou itilize gratis nan bibliyotèk piblik lokal la. Lekòl oswa kafeterya pitit ou a ka gen yon òdinatè ou ka itilize pou ranpli yon aplikasyon.
4. **KI MOUN KI KA JWENN MANJE GRATIS?** Tout timoun lakay ou k ap resevwa avantaj sòti nan **FL SNAP**, Pwogram Distribisyon Manje nan Rezèvasyon Endyen (**FDPIR**) oswa **FL TANF**, kapab jwenn manje gratis kèlkeswa revni w. Epitou, pitit ou yo ka jwenn repa gratis si revni brit kay ou a nan limit gratis ki nan Gid pou Elijibilite Revni Federal yo.



Si ou te resevwa yon AVI SÈTIFIKASYON DIRÈK pou manje gratis, **PA** ranpli yon aplikasyon. Kontakte **Kowòdonatè Elijibilite Elèv yo nan 305-293-1400 ekstansyon 53356** si nenpòt timoun nan kay ou a pa nan lis lèt Avi Sètifikasyon Dirèk ou te resevwa.

5. **ÈSKE TIMOUN FOSTER KA JWENN MANJE GRATIS?** WI, timoun adoptif ki sou responsabite legal yon ajans adoptif oswa tribinal, elijib pou manje gratis. Lekòl la dwe genyen dokiman ajan/tribinal yo.
6. **ÈSKE TIMOUN SANZABRI, FIJITIF EPI HEAD START KA JWENN MANJE GRATIS?** Wi, timoun ki satisfè definisyon sanzabri oswa fijitif yo elijib pou manje gratis. Si ou kwè timoun ki lakay ou a satisfè deskripsyon sa yo epi yo pa di pitit ou a pral jwenn manje gratis, tanpri kontakte biwo lekòl la pou ranpli yon fòm SRQ.
7. **KI MOUN KI KA JWENN MANJE AK PRI REDUI?** Pitit ou yo ka jwenn repa ak pri redui si revni brit kay ou a nan limit pri redui ki nan Tablo Revni Elijibilite Federal la.
8. **ÈSKE MWEN TA DWE RANPLI YON APLIKASYON SI MWEN RESEVWA YON LÈT ANE LEKÒL SA A KI DI PITIT MWEN YO APWOUE POU MANJE GRATIS?** Non, men Kontakte **Kowòdonatè Elijibilite Elèv yo nan 305-293-1400 ekstansyon 53356** si:
 - Gen gen elèv nan kay la ki pa nan lis lèt la
 - Èske ou gen kesyon konsènan lèt la
9. **APLIKASYON PITIT MWEN AN TE APWOUE ANE PASE, ÈSKE MWEN BEZWEN RANPLI YON LÒT?** Wi. Yon aplikasyon dwe ranpli chak ane lekòl epi li dwe genyen tout elèv yo kèlkeswa lekòl yo ale.
10. **MWEN RESEVWA WIC. ÈSKE PITIT MWEN AN KA JWENN MANJE GRATIS?** Timoun ki nan fwaye k ap patisipe nan WIC ka elijib pou manje gratis oswa ak pri redui. Ou dwe soumèt yon aplikasyon pou verifike elijibilite a.
11. **ÈSKE ENFÒMASYON MWEN BAY YO Y AP TCHEKE YO?** Wi, yo kapab mande plis verifikasyon.

12. **SI M PA KALIFYE KOUNYA, ÈSKE MWEN KAPAB KALIFYE APRE?** Wi, ou ka aplike nenpòt kilè pandan ane lekòl la si gen yon chanjman nan revni fanmi ou, dimansyon, oswa si ou vin nan chomaj. Tanpri kontakte **Kowòdonatè Elijibilite Elèv yo nan 305-293-1400 ekstansyon 53356** pou asistans.
13. **E SI MWEN PA DAKÒ AK DESIZYON SOU APLIKASYON MWEN AN?** Kontakte Depatman Sèvis Manje a nan **305-293-1400 anplis. 53356**. Ou ka mande tou pou yon odyans lè w ekri: **Direktè Egzekitif Operasyon ak Planifikasyon, 241 Trumbo Road, Key West, FL 33040**.
14. **ÈSKE MWEN KA APLIKE SI YON MOUN NAN KAY MWEN AN PA YON SITWAYEN AMERIKEN? Wi.**
Oumenm oswa pitit ou yo pa oblije sitwayen ameriken pou kalifye pou manje gratis oswa ki gen pri redui. Depatman Sèvis Manje Distri Lekòl Konte Monroe p ap divilge okenn enfòmasyon pou rezon ki gen rapò ak imigrasyon
15. **KIYÈS MWEN TA DWE ENKLI KÒM MANM FANMI AN?** Ou dwe enkli tout moun k ap viv nan kay la fanmi ou, ki gen rapò oswa ki pa gen rapò (tankou granparan yo, lòt fanmi, oswa zanmi) ki pataje revni ak depans. Ou dwe mete tèt ou ak tout timoun k ap viv avèk ou. Si w ap viv avèk moun ki endepandan ekonomikman (pa egzanp, moun ou pa sipòte, ki pa pataje revni ak ou oswa pitit ou yo, epi ki peye yon pati pwopòsyonèl nan depans yo) pa mete yo.
16. **E SI REVNI MWEN AN TA VIN CHANJE?** Lis kantite lajan ou resevwa nòmalman. Si ou resevwa lè sipleman tè nan pifò peryòd pèman, mete li, men pa mete li si ou sèlman resevwa lè sipleman tè detanzantan oswa pa sezon. Si ou pèdi yon travay, lè travay ou oswa salè w vin redui, sèvi ak revni aktyèl ou a.
17. **NOU NAN MILITÈ. ÈSKE NOU KA ENKLI ALOKASYON LOJMAN NOU KÒM REVNI?** Si w resevwa yon alokasyon ki pa nan baz, li dwe enkli kòm revni. Sepandan, si lojman w lan fè pati Inistativ Privatizasyon Lojman Militè a, pa mete alokasyon lojman w lan kòm revni.
18. **MARI/MADANM MWEN AN DEPLWAYE NAN YON ZÒN KONBA. ÈSKE PÈMAN KONBA YO KONTE KÒM REVNI?** Non, si yo resevwa pèman konba anplis salè debaz yo akòz deplwaman yo epi yo pa te resevwa li anvan yo te deplwaye li, pèman konba yo pa konte kòm revni.
19. **FANMI MWEN BEZWEN PLIS ÈD; ÈSKE GEN LÒT PWOGRAM NOU KA APLIKE POU YO?** Pou konnen kòman pou aplike nan Florida SNAP oswa lòt asistans avantaj, kontakte asistans lokal ou a oswa rele 866-762-2237.
20. **SI MWEN KALIFYE POU MANJE GRATIS/AK PRI REDUI, ÈSKE GEN LÒT PWOGRAM LEKÒL KI KA ITILIZE ENFÒMASYON SA POU RESEVWA LÒT AVANTAJ?** Paske enfòmasyon ou yo konfidansyèl, ou dwe ban nou pèmision pou nou pataje enfòmasyon ou yo ak lòt depatman yo pou jwenn avantaj ki depase manje midi gratis/ak pri redui.

Si ou gen lòt kesyon oswa ou bezwen èd, tanpri rele nan 305-293-1400 ekstansyon 53356

Annamoni ak lwa federal sou dwa sivil yo ansanm ak règleman epi politik Depatman Agrikilti Etazini an (USDA) sou dwa sivil yo, yo entèdi enstitisyon sa a fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (tankou idantite seksyèl ak oryantasyon seksyèl), andikap, laj, oswa reprezay oswa vanjans pou aktivite sou dwa sivil ki pase deja. Yo kapab mete enfòmasyon sou pwogram nan disponib nan lòt lang ki pa Anglè. Moun ki gen andikap ki bezwen yon lòt altènatif kòm mwayen kominikasyon pou yo jwenn enfòmasyon sou pwogram nan (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Langaj Siy Ameriken), dwe kontakte ajans lokal oswa Eta a ki ap jere pwogram nan oswa USDA TARGET Center nan (202) 720-2600 (vwa ak TTY) oswa kontakte USDA pa mwayen Sèvis Relè Federal la nan (800) 877-8339. Pou depoze yon plent kont diskriminasyon nan pwogram nan, Moun ki pote plent lan dwe ranpli yon Fòm AD-3027, Fòm USDA Pou Pote Plent Kont Diskriminasyon, li kapab jwenn li anliy sou: <https://www.usda.gov/sites/default/files/documents/ad-3027.pdf>, nan nenpòt biwo USDA, lè li rele (866) 632-9992, oswa lè li ekri yon lèt voye bay USDA. Nan lèt la dwe gen non, adrès ak nimewo telefòn moun ki pote plent lan, ak yon eksplikasyon alekri ki gen ase detay sou swadizan aksyon diskriminasyon an pou fè Sekretè Adjwen pou Dwa Sivil la (Assistant Secretary for Civil Rights, ASCR) konnen nati ak dat swadizan vyolasyon dwa sivil la. Li dwe soumèt fòm AD-3027 li ranpli a oswa lèt la bay USDA pa: 1) kourye lapòs: U.S. Department of Agriculture Office of the Assistant Secretary for Civil Rights, 1400 Independence Avenue, SW Washington, D.C. 20250-9410; oswa 2) lapòs: (833) 256-1665 oswa (202) 690-7442; oswa 3) imèl: FNCSIVILRIGHTSCOMPLAINTS@usda.gov. Enstitisyon sa a pa fè diskriminasyon epi li bay tout moun menm chans egalego.

Règleman Manje ki pa peye

Objektif

Pwogram sèvis manje lekòl yo fèt epi yo finanse federalman pou yo fonksyone sou yon baz lajan kach endepandan epi yo gen entansyon bay elèv yo manje ki nourisan. Yo rekonèt, sepandan, elèv yo ka detanzantan bliye oswa pèdi lajan manje midi a.

Pwosedi sa eksplike kijan elèv ki pa gen lajan ap toujou resevwa manje. Tout zafè ki gen rapò ak elèv ki pa gen lajan pou manje midi yo dwe fèt ak diskresyon pou respektè vi prive elèv la. Yon fwa yo sèvi yon repa bay yon elèv, li pa dwe pran li ale avè l.

Pwosedi

Yo pral pèmèt tout elèv yo reponsab manje maten ak/oswa manje midi ki ranbousab, eksepte atik a la carte, lè yo bliye/ pèdi lajan midi. Ranbousman pou repa ap sou responsabilite paran/gadyen legal la. *Elèv ki apwouve pou manje gratis yo pa ka refize yon repa, menm si yo gen balans negatif sou yon lòt kont.* Sèvis manje a ap bay yon rapò chak semèn sou balans negatif chak elèv ak direktè lekòl la/reprezantan ki bay lis tout balans yo ki peye pou manje elèv yo pou lekòl yo. Manadjè sèvis manje yo pral bay administrasyon lekòl la lèt balans negatif ki gen so sou yo chak semèn pou distribiye bay elèv yo ki ap gen ladan règleman an, enfòmasyon sou ki kote/kijan pou ranpli aplikasyon pou manje gratis/ak pri redui, Gratis/Ak Pri Redui nimewo telefòn avèk adrès imèl Espesyalis, epi lòt metòd pou peye dèt. Administrasyon lekòl la ap voye Wobo apèl pou avize paran/gadyen legal ke elèv yo gen yon balans negatif pou manje midi, pèman se responsabilite paran/gadyen legal. Sèvis Manje a ap bay direktè yo total frè chak mwa yo. *Yo pral abòde kont delenkan yo ak paran/gadyen legal men pa avèk elèv la pou anpeche elèv la idantifye klèman kalifikasyon li pou manje gratis, ak pri redui, oswa manje peye.* Y ap ankouraje paran/gadyen legal pou itilize sistèm pèman davans manje a, MyPaymentsPlus nan <https://www2.mypaymentsplus.com/welcome>. Administrasyon lekòl la pral responsab pou kolekte tout frè repa elèv yo chak ane. Fon jeneral lekòl la ap ranbouse tout frè manje elèv ki pa peye yo nan kont sèvis manje lekòl ki pa gen pwofi a nan fen chak ane fiskal kote frè manje elèv yo fèt pou fè pwogram sèvis manje a konplè. Manadjè sèvis manje yo pral aplike lajan nan kont delenkan yo.

Donasyon pou ede fanmi yo ak frè elèv ki pa peye manje yo ka fèt nan kafeterya lekòl ou a oswa lè w rele Denise Pollack nan (305) 293-1400 ekstansyon 53361.

Lè yon elèv gen frè manje pou plis pase senk jou oswa pandan plizyè fwa li pa gen lajan pou manje midi, sa endike nesite pou gen entèvansyon direktè a/reprezantan pou kontakte fanmi an pou detèmine poukisa elèv la ap vini lekòl san li pa gen yon repa ki anbale oswa li pa janm gen lajan pou achte yon repa. Nou ankouraje fanmi an pou li soumèt yon aplikasyon anliy pou manje gratis ak pri redui. Fanmi yo ka resevwa asistans nan men **kowòdonatè Elijibilite Elèv nan, 305-293-1400 ekstansyon 53356** pou ranpli yon aplikasyon pou avantaj manje anliy sou <https://frapps.horizonsolana.com/MONC02>. Sèvis manje a ap fè apèl chak semèn pou raple paran/gadyen legal ki gen kont delenkan, responsabilite yo genyen pou ranbousman, kijan pou aplike pou manje gratis/ak pri redui, epi/oswa bay yon plan ranbousman. Yo avize fanmi yo ke yo ka ranpli yon aplikasyon nenpòt kilè pandan ane lekòl la, sitou si gen yon bès nan revini oswa yon ogmantasyon nan kantite moun ki nan kay la.

Pwosedi pou frè repa ki pa peye yo pral kominike bay fanmi yo nan liv gid sa a kòm yon pati nan lèt balans negatif ki voye lakay yo. L ap disponib tou sou sit entènèt sèvis manje a. Tout anplwaye sèvis manje yo ap resevwa yon kopi pwosedi ak fòmasyon chak ane oswa jan sa nesèsè. Administrasyon an ap resevwa yon imèl chak ane avèk yon kopi règleman sa.



Kòmanse sou sa pou ede w retounen sou bon chimen an

pou ane lekòl sa a!

MyPaymentsPlus™
K-12 Sistèm Pèman Anliy
Powered by Horizon Software International

Peye anliy pou repa lekòl ede akselere liy kafeterya epi asire w elèv ou a pral jwenn yon repa cho epi ki sen.

Menmsi ou pa fè pèman anliy, nou ankouraje tout paran yo kreye yon kont MyPaymentsPlus nan lòd pou:

- Gade balans kafeterya elèv yo nenpòt lè nenpòt kote
- Gade sa elèv ou a ap achte nan kafeterya a
- Mete alèt pou w konnen lè balans lan ba
- Fè pèman sou kont kafeterya elèv ou a, anliy oswa avèk aplikasyon Mobil MyPaymentsPlus

Enskripsyon an GRATIS epi fasil:

- Vizite www.mypaymentsplus.com
- Klike sou "Register a free account"
- Ajoute elèv ou yo lè w sèvi avèk Nimewo Idantite Elèv (Student ID Number) - nimewo dis chif ki kòmanse ak 44000XXXXX. Ou ka jwenn li nan biwo devan lekòl pitit ou a oswa nan men manadjè kafeterya. Tanpri sèvi ak nimewo PIN 5 chif la.

*Tanpri sonje gen de (2) opsyon lè w ajoute lajan nan kont pitit ou a. Si w chwazi **MANJE** - pitit ou a kapab itilize lajan an pou manje sèlman. Si w chwazi **JENERAL** - lajan an ka itilize pou tou de manje yo epi a la carte (ti goute).*

Pou asistans ak kont MyPaymentsPlus ou a

rele liy dirèk paran nan 1 (877)-237-0946

Pou ranbousman kont, tanpri kontakte Denise Pollack (305) 293-1400 anplis. Ekstansyon 53361



Ekip Sèvis manje ou a la pou sèvi w!

Direktè Sèvis Manje a: Effie.Jackson@keysschools.com

Ekip Kontab pou Sèvis Manje: Denise.Pollack@keysschools.com

Espesyalis Sèvis Manje: Susan.Lawson@keysschools.com

Responsab Biwo Sèvis Manje: Lucia.CuCulino@keysschools.com

Tanpri pa ezite kontakte nou pa imèl:
FoodService@keysschools.com

